



**UJIAN MADRASAH
MADRASAH IBTIDAIYAH AL HAQQI
TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Kamis, 11 Mei 2023
Waktu	: 90 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Kerjakan terlebih dahulu soal-soal yang Anda anggap mudah.
3. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan soal.
4. Jumlah soal sebanyak 40 butir soal Pilihan Ganda dan 5 butir soal Uraian.
5. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
6. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

PETUNJUK KHUSUS

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d wangsulan sing koanggep bener!

1. Gatekna teks cerita ing ngisor iki!
Sanalika Bawang Putih rumangsa seneng banget. Awak kesel lan weteng sing luwe kaya-kaya wis ora dirasa menoh. Bawang Putih terus nggawakake dhunak gedhe wadhah beras sing mari dipususi. Ora tega nyawang wong tuwa nggawa barang samono gedhene. Wong tuwa wadon iku sejatine raseksa, jenenge Nini buta Ijo.
Watake Bawang Putih yaiku
A. gumedhe
B. seneng tetulung
C. kerep nesu
D. ana pamrihe
2. "Bocah lanang"
Tembung iki yen ditulis aksara jawa dadine
A. [bo ch k n=
B. [bo ch l n=
C. [ko ch l n=
D. [ko ph l n=
3. Dhek wingi Farhan (tuku) sepatu anyar dening bapake.
Tembung ing sakjroning kurung benere

- A. ditukoni
 - B. nukokake
 - C. ditukokake
 - D. tukunen
4. Mbak Ayunda lembehane mblarak sempal. Yen mlaku kaya macan luwe. Dedege dhuwur, nanging drijine ciker.
Sing kalebu tembung panyacad/panyendhu yaiku
- A. lembehane mblarak sempal
 - B. dedege dhuwur
 - C. yen mlaku kaya macan luwe
 - D. drijine ciker
5. Lading landhep, ngiris lemper
....., bakal pinter
Parikan ing dhuwur benere dijangkepi nganggo tembung
- A. Bocah sregep
 - B. Bocah sinau
 - C. Lawang minep
 - D. Nutu kerep
6. “Pesawat mabur” yen ditulis aksara jawa dadi
- A. p es w tM bu/
 - B. pe s w t m bu/
 - C. pe s w t k bu/
 - D. p s w tM bu/
7. m imi nM s k S yu/
Aksara jawa iku yen ditulis latin dadine....
- A. Minten masak bayem
 - B. Mimin masak banyu
 - C. Mimin masak sayur
 - D. Maman mangan sayur
8. Sawijine teks cerita sing bener-bener ana lan dumadi, kasebut teks
- A. dheskripsi
 - B. narasi faktual
 - C. persuasi
 - D. slogan
9. “Mekaten ingkang saget kula aturaken mbok bilih wonten sisip sembiripun tetembungan kula, kula nyuwun agungipun pangapunten ingkang kathah.”
Perangan pidhato ing ndhuwur diarani
- A. isi pidhato
 - B. dudutan pidhato
 - C. wasana pidhato
 - D. salam panutup
10. Cengkorongan pidhato becike digawe nalika
- A. bareng karo pidhato

- B. sadurunge pidhato
 - C. sabubare pidhato
 - D. ditakokake dhisik
11. Tembang macapat iku salah sawijine sastra kang kaiket dening paugeran-paugeran tartamtu. Paugerane sing ngiket tembang macapat yaiku
 - A. guru gatra, guru sastra, lan guru lagu
 - B. guru lagu, guru swara, lan guru sastra
 - C. guru gatra, guru wilangan, lan guru swara
 - D. guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu
 12. Cebloke ana ngisor, sing digoleki ing dhuwur. Cangkriman ing ndhuwur batangane
 - A. Wong lagi ngarah klapa
 - B. Ngumbulake layangan
 - C. Gendheng trocoh
 - D. Nonton montor mabur
 13. Ing ngisor iki titikane cangkriman, *kajaba*
 - A. nduweni sipat bedhek-bedhekan
 - B. ora kudu dibatang
 - C. nganggo basa kiasan utawa tembung entar (dudu tegese kang baku)
 - D. kadhang kala nganggo basa tradhisional
 14. Disuguh opak angin, klebu cangkriman
 - A. pepindhan
 - B. plesetan
 - C. wacahan
 - D. tembang
 15. Bocah cilik tlusap-tlusup ana kebon, batangane
 - A. clana
 - B. dom
 - C. kates
 - D. pring
 16. Duwe rambut ora duwe ndhas, batangane yaiku
 - A. tebu
 - B. pring
 - C. anggrek
 - D. jagung
 17. Ukara ngisor iki sing kalebu cangkriman plesetan, yaiku
 - A. wong adol tempe ditaleni
 - B. segara bledhes
 - C. adoh-adoh diparani, bareng wis tekan diliwati
 - D. sega sakepel dirubung tinggi
 18. Cangkriman kang kedadean saka tembung-tembung kang diwacah utawa dicekak diarani cangkriman
 - A. wacahan

- B. pepindhan
 - C. blenderan
 - D. tembang
19. Kang klebu fungsine cangkriman ing ngisor iki, yaiku
 - A. sarana pertunjukan
 - B. sarana pagelaran
 - C. sarana hiburan
 - D. hobi
 20. Sadurunge ngandharake wos wigatine utawa isine pidhato, pamedhar sabda ngandharake
 - A. purwaka
 - B. dudutan
 - C. surasa
 - D. wasana
 21. Pidhato uga diarani
 - A. pamedhar sabda
 - B. sesorah
 - C. pranatacara
 - D. pawarta
 22. Urutane cengkorongan teks pidhato sing bener, yaiku
 - A. salam pambuka-pambuka-isi-dudutan-pangarep-arep-panutup-salam panutup
 - B. pambuka salam pambuka isi - dudutan pangarep-arep- panutup - salam panutup
 - C. salam pambuka - pambuka-isi - dudutan - pangarep-arep - panutup - salam panutup
 - D. pambuka - salam pambuka – dudutan - isi - pangarep-arep - panutup - salam panutup
 23. Perangan pidhato kang ngandharake pengarep-arep yaiku
 - A. atur pakurmatan
 - B. apa kang dikarepake dening pamedhar sabda
 - C. wigatine saka pidhato kang diandharake
 - D. atur panuwun lan pangapura
 24. Pidhato presiden ana sangarepe DPR kalebu pidhato
 - A. resmi
 - B. setengah resmi
 - C. ora resmi
 - D. biasa
 25. Pejuwang kang nindakake sawijine pakaryan diarani
 - A. pariwisata
 - B. wirausaha
 - C. wiraswasta
 - D. purnawirawan

Soal nomer 26-30 jawaban luwih saka siji

26. Gatekna wacan ing ngisor iki!

Jakarta : Kementerian Lingkungan Hidup nganakake maneka warna lomba kanggo mangayu bagya pengetan dina kamardikan RI kaping 77 tahun 2022 tumraping karyawaning Kementerian Lingkungan Hidup (KLH). Kagiyatan iki ditindakake dening Biro Umum KLH, sing pesertane yaiku karyawan KLH. Senajan dianakake kagiyatan lomba nanging kantor KLH ora tutup lan isih tetep nindakake kagiyatan pelayanan publik kaya biasane.

- Sing diwartakake jroning pawarta ing dhuwur yaiku
- Maneka warna lomba kanggo mengeti kamardikan RI
 - Menteri KLH mimpin upacara pengetan HUT RI kaping 77
 - Kagiyatan lomba iki ditindakake dening Biro Umum KLH
 - Upacara pengetan HUT RI lumaku kanthi rancag
27. Ing ngisor iki sing kalebu pidhato **ora resmi** yaiku
- Pidhato presiden tanggal 17 Agustus
 - Pidhato nglumpukake warga RT
 - Pidhato pengetan Hari Pendidikan
 - Pidhato mbahas rekreasi ing desa
28. Ing ngisor iki sing kalebu piranti kang digunakake ana ing pagelaran wayang kulit yaiku
- wayang kulit
 - kalung
 - dhalang
 - kelir
29. Tokoh wayang ing ngisor iki kang kalebu pandhawa lima yaiku
- Nakula
 - Karna
 - Puntadewa
 - Krisna
30. Paraga-paraga sing nyengkuyung pagelaran wayang kulit yaiku
- wayang
 - dhalang
 - sindhen
 - gamelan
31. Gathukna tembung saroja ing ngisor iki kanthi njodohake jawaban kang ana sampinge!
- | | |
|---|----------------|
| 1) Ing antarane sapepadha kudune tansah urip (...). | a. bubrah |
| 2) Sadurunge mlebu ngomah kudu (...) luwih disik. | b. guyup rukun |
| 3) Rukun agawe santoso, crah agawe (...) | c. uluk salam |
| | d. tepa selira |
32. Paribasan ing ngisor iki golekana tegese sing wis cumawis ing seseh tengen!
- | | |
|----------------------------------|--|
| 1). Kebo kabotan sungu. | a. gelem penake ora gelem rekasane |
| 2). Mburu uceng kelangan dheleg. | b. Uripe rekasa mergo kakehan anak |
| 3). Arep nangkane emoh pulute. | c. Mburu barang sepele malah kelangan sing gedhe |
| | d. Wis kepenak isih ditambahi kepenak |
33. Gatekna cangkriman ing ngisor iki banjur jodohna !
- | | |
|----------------------------|-----------|
| 1) Gajah nguntal sangkrah. | a. nanas |
| 2) Pitik walik saba kebon. | b. kathok |
| 3) Dikethok malah dhuwur. | c. sulak |
| | d. pawon |

34. Golekana pasangan antarane aksara jawa lan aksara latin sing cocog ing ngisor iki!
- | | |
|--------------------|--------------------|
| 1) tu k= b zu n n\ | a. lagi susah |
| 2) g mB= su li= | b. tukang bangunan |
| 3) l gi su sh | c. kuli panggul |
| | d. gambang suling |
35. Jodhohna ukara-ukara unggah-ungguh basa ing ngisor iki sing cocog karo wangsulan sing wis cumawis ana ing seseh tengen!
- | | |
|--|---------------|
| 1) Basa kanggo omongan bocah cilik marang wong tuwa. | a. ngoko lugu |
| 2) Pakdhe Bayu dhahar sate ayam. | b. krama lugu |
| 3) Simbah ora gelem turu awan. | c. krama alus |
| | d. ngoko alus |

36. Gatekna tembang dolanan ing ngisor iki!

Gambang Suling

Gambang suling kumandhang swarane
Thulat thulit kepenak unine
Unine mung nrenyuhake
Bareng lan kentrung ketipun gsuling
Sigrak kendhangane

Rembugen isine tembang dolanan ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

- | | |
|---|-----------|
| a. Tembang iku nyritakake swara gambang lan suling sing apik lan merdu. | (B – S) |
| b. Swara suling bisa nrenyuhake ati. | (B – S) |
| c. Tembang Gambang Suling kalebu tembang macapat. | (B – S) |
37. Gatekna tuladha-tuladhane panyandra ing ngisor iki, wenehana tanda bener utawa luput!
- | | |
|--------------------------------|-----------|
| a. tangane nggendewa pinentang | (B – S) |
| b. sikile nawon kemit | (B – S) |
| c. pundhake nraju mas | (B – S) |
38. Gatekna tembang Macapat ing ngisor iki!

Pocung

Marang liyan kudune sing guyub rukun,
Urip sesandhingan,
Senadyan beda agami,
Nyembadani mring katentremaning praja

Rembugen isine tembang macapat ing dhuwur, wenehana tandha bener utawa salah!

- | | |
|--|-----------|
| a. Tembang Pocung ing ndhuwur kedadean saka 5 gatra. | (B – S) |
| b. Marang wong sing beda agami kudu guyub rukun | (B – S) |
| c. guru lagu lan guru wilangan tembang ing dhuwur : 12-u, 6-a, 8-I, 12-a | (B – S) |
39. Gatekna ciri-cirine cangkriman ing ngisor iki banjur wenehana tandha B menawa bener, S menawa salah.
- | | |
|---------------------------------|-----------|
| a. Tembunge dawa | (B – S) |
| b. Unen-unen kang kudu dibatang | (B – S) |

- c. Digunakake kanggo gegojegan (B – S)
40. Cangkriman iku cacahé ana papat yaiku arupa tembang, wacahan, pepindhan, lan plesetan. Jenise cangkriman ing ngisor iki yen bener wenehana tandha huruf B, yen salah S!
- a. “Pak boletus,” kalebu cangkriman wacahan. (B – S)
- b. “Ana gajah numpak becak, ketok apane,” kalebu cangkriman tembang. (B – S)
- c. Sega sekepel dirubung tinggi,” kalebu cangkriman pepindhan (B – S)